



## Kisa *i-Ready* a ye?

*i-Ready* se yon pwogram sou entènèt pou lekti ak/oswa matematik ki pral ede pwofesè pitit ou a detèmine bezwen pitit ou a, aprann li selon kapasite l epi kontwòle pwogrè li pandan tout ane lekòl la. *i-Ready* pèmèt pwofesè w yo adrese pitit ou a egzakteman kote yo ye a epi pataje enfòmasyon pou ogmante aprantisaj pitit ou a. *i-Ready* gen de pati: Dyagnostik ak enstriksyon.

**Dyagnostik *i-Ready*** a se yon zouti evalyasyon ki ajiste kesyon l yo ak bezwen pitit ou a. Chak detay yon elèv jwenn fèt sou baz repons kesyon li te reponn anvan yo. Pa egzanp, si li byen reponn kesyon yo pwochen kesyon yo ap yon ti jan pi difisil. Alòske si repons kesyon l yo pa kòrèk, pwochen kesyon yo ap pi fasil.

**Enstriksyon *i-Ready*** bay elèv yo yon seri leson sou baz nivo kapasite ak bezwen pèsònèl yo, konsa pitit ou yo ka aprann ak yon vitès ki bon pou li. Leson sa yo amizan epi yo entèaktif yon fason pou kenbe pitit ou a okipe tank l ap aprann.

## Fason pou w demare

### 1 Fason pou konekte sou *i-Ready* suiv etap sa yo (okenn foto).

#### A Sou yon iPad:

1. **Telechaje vèsyon gratis "*i-Ready for Students*" nan App Store.** iPad yo dwe konpatib ak iOS 11 oswa pi resan, tankou iPad Air, iPad Air 2, iPad Pro, oswa nenpòt lòt aparèy ki reponn ekzijans yo: [i-Ready.com/SystemCheck](http://i-Ready.com/SystemCheck).

- **Si lekòl/distri pitit ou a sèvi ak Clever®**, telechaje aplikasyon Clever a nan App Store. Pitit ou a dwe ouvri aplikasyon Clever a, sèvi ak kowòdone distri/lekòl la pou konekte sou pòtay la epi klike sou ikòn *i-Ready* a.
- **Si distri/lekòl pitit ou a dwe sèvi ak yon pòtay, ki PA Clever**, elèv yo dwe ouvri Safari®, mete lyen URL pòtay lekòl yo a pou konekte sou li epi klike sou ikòn *i-Ready* a.
- **Si distri/lekòl pitit ou a pa sèvi ak yon pòtay**, yo dwe ouvri aplikasyon "*i-Ready for Students*" la epi sèvi ak kowòdone pwofesè a te bay la pou konekte sou *i-Ready*.

#### B Sou yon òdinatè:

1. **Si distri/lekòl pitit ou a sèvi ak yon pòtay**, pitit ou a dwe sèvi ak kowòdone distri/lekòl la pou konekte sou pòtay la epi ansuit klike sou ikòn *i-Ready*.
2. **Si distri/lekòl pitit ou a PA sèvi ak yon pòtay**, pitit ou a ta dwe vizite [i-Ready.com](http://i-Ready.com) epi sèvi ak kowòdone pwofesè a te bay la pou konekte sou *i-Ready* dirèkteman sou yon òdinatè.

**Pou rezon sekirite, se distri/lekòl pitit ou a k ap jere non itilizatè ak modpas yo. Tanpri kontakte pwofesè/lekòl pitit ou a si pitit ou a gen difikilte pou konekte.**



- 2 **Chwazi sijè a.** Chwazi *Reading* oswa *Math*. Si pitit ou a pa sèten ki sijè li ta dwe chwazi, yo ta dwe mande pwofesè a.
- 3 **Kòmanse leson an:** Klike sou bouton vè *Next Lesson* ("*Pwochen Leson*") anba "*My Path*" oswa bouton ble *Lesson* ("*Lesson*") anba "*Teacher Assigned*" (Pa gen okenn bouton ble nan moman an.) Si pitit ou a gen yon bouton koulè vè "*Math Diagnostic*" oswa "*Reading Diagnostic*", li gen yon evalyasyon dyagnostik. Pitit ou a **pa dwe** gentan fè evalyasyon an lakay li.
- 4 **Sant fanmi "*Family Center*":** Klike anlè adwat pou vizite *i-Ready Family Center* pou plis enfòmasyon epi repons kesyon nan FAQ yo.

# Fason m ka ede pitit mwen an aprann

- **Pale ak pitit ou an sou fason li ka sèvi ak *i-Ready* ap ede l prepare l pou travay nan klas yo.** Anplis de sa, esplike l *i-Ready* ap montre pwofesè yo kote pitit ou anfòm, ak ki sijè li gen pou yo rewè ak li.
- **Ankouraje pitit ou a pou l pran chak leson ak kesyon ki nan egzèsis yo trè oserye.** Mete aksan sou opsyon "reflechi anvan w klike" a, paske si w jis klike konsa konsa ou pap bay pwofesè yo yon rapò egzat sou sa pitit ou a konnen.
- **Ankouraje pitit ou a itilize zouti ki parèt anba pati ekran an nan kèk leson.**
- **Ede pitit ou a idantifye diferan pati nan tablo elèv la epi chache vin abitye avèk li.** Pou plis enfòmasyon sou tablo elèv la, gade pi ba a.
- **Swiv pwogrè pitit ou a epi felisite l.** (Pitit ou a ta dwe fikse l objektif pou pase 45 minit nan *enstriksiyon i-Ready* yo pa sijè chak semèn epi kenbe yon nivo 30-49 minit nan Enstriksyon sou entènèt yo epi pase omwen 70 pousan leson yo. Lekòl pitit ou a ka gen divès konsèy.)
- **Kontakte pwofesè pitit ou a sou kantite fwa pitit ou a ta dwe pratike lakay li,** oswa sou nenpòt ki lòt kesyon sou *i-Ready*.

## Diskite sou enfòmasyon *i-Ready* yo ak pitit ou

- 1 My Progress:** Mande pitit ou a klike sou Pwogrè mwen anba paj akèy la.
  - Ou ka poze kesyon jeneral tankou, "Kijan w twouve *i-Ready* a?," "Ki sa w ap aprann sou li?" oswa "Sou kisa w ap travay ladan l?"
- 2 Lesson Stats:** Seksyon sa a montre statistik pitit ou a sou leson sou entènèt li yo.
  - 2a Time-on-Task:** Gade kantite minit pitit ou a pase semèn sa a sou Enstriksyon sou entènèt. Ou ka mande l: "Èske w atenn objektif ou a?"
  - 2b Lessons Passed:** Gade kantite leson pitit ou a konplete ane sa a nan ane lekòl la. Ou ka mande l: "Ki objektif ou?" oswa "Kisa w renmen ladan l?"
- 3 Lesson Streak:** Gade konbyen leson pitit ou a konplete nan yon kolòn. Felisite yo epi mande yo kisa yo aprann.
- 4 Completed Work:** Mande pitit ou a klike sou Travay ki akonpli.
  - Ou pral wè non leson ak nòt egzamen yo. Ou ka mande: "Kisa ou te aprann nan leson \_\_\_?," "Ki sa ou te renmen?," "Kisa ou te twouve ki difisil?" oswa "Ki rapò leson sa yo gen ak objektif aprantisaj ou yo?"
  - Ou ta dwe ka wè tou dènye nòt Dyagnostik pitit ou a. Ou ka mande l: "Ki sa ki te pwen fò w?," "Nan ki domèn ou dwe grandi?" oswa "Ki objektif ou?"
- 5 Learning Games:** Si lekòl pitit ou a gen aksè nan Jwèt aprantisaj ki pèmèt yo jwenn kapasite ak abilite nan matematik, yo ka klike sou ikòn jwèt aprantisaj ki anba a dwat. Pitit ou a ta dwe jwe jwèt yo pandan anviwon 20 minit pa semèn. Mande pitit ou: "Ki jwèt w ap jwe la?," "Poukisa?," "Kisa w ap aprann sou li?" oswa "Ki rapò jwèt sa gen ak objektif aprantisaj ou yo?"

